

Fason pou Konprann Grenn W ap Pran pou Dyabèt Ou

Si ou te pran grenn pou ede kontwole dyabèt ou, ou ta dwe konnen medikaman sa a ka –

- Ede kò ou fè plis ensilin, yon òmòn natirèl kò ou ki nesesè pou ede ou dijere sik
- Anpeche fwa ou fè yon fòm sik ki rele glikoz
- Ede selil miskilati yo pi byen itilize ensilin kò ou

Rezon ki fè ou pran grenn sa yo se pou ede kò ou kenbe nivo sik la nan yon entèval nòmal. Li enpòtan tou pou manje sa ki bon pou sante ou ak pou fè egzèsis.

Li trè enpòtan pou konnen non medikaman ou yo, ak kantite kòrèk pou pran yo. Pote poban medikaman an, make non an ansanm avèk dòz ak lè ou pran yo (oswa fè yon moun nan klinik prive founisè swen sante ou make sa pou ou), oswa mache avèk enfòmasyon sa yo toutan. Sa ap itil ou si ou gen yon ijans.



Non Medikaman an:	Dòz	A ki lè
Lipitor	20 mg	maten

Pale avèk founisè swen sante ou sou lòt medikaman w ap pran yo, menm sa ou achte san preskripsyon – tankou vitamin ak remèd fèy.

Li trè enpòtan pou tcheke sik nan san ou pou konnen si medikaman yo ede ou. Nimewo sa a rele nivo glikoz ki nan san ou. Founisè swen sante ou ka mande ou pou ekri nimewo sik nan san ou nan yon kaye nan diferan moman jounen an pou wè si medikaman ou travay byen. Si ou konsène paske nimewo yo twò wo oswa twò ba, lè sa a kontakte founisè swen sante ou. Pafwa li ka nesesè pou fè chanjman nan manje oswa nan medikaman ou. Toujou pote kaye ou avèk nimewo ki ekri ladan an, ansanm avèk glikomèt ou (pou tcheke si li fonksyone), nan randevou medikal ou yo.

Objektif sik nan san ou se ant _____ ak _____.

